



# Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

## Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

## Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair

Dr. Steve Gallon III, Vice Chair

Lucia Baez-Geller

Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Christi Fraga

Dr. Lubby Navarro

Dr. Marta Pérez

Mari Tere Rojas

Luisa Santos

17 Out 2022

Chè Paran oswa gadyen:

Depatman Edikasyon Florid (FLDOE) egzije pou elèv yo resevwa Edikasyon Sante Konplè. Nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane, sa gen ladan sèlman yon sèl inite etid sou sante repwodiktif ak Edikasyon sou Maladi; elèv lekòl mwayen ak lekòl segondè yo dwe okouran de benefis abstinans seksyèl kòm estanda nou atann yo dwe konnen ak konsekans gwosès jèn timoun yo. Anplis FLDOE egzije pou elèv ki nan klas 6yèm rive nan klas 12yèm ane aprann de sante repwodiktif ak nenpòt maladi, tankou HIV/SIDA, sentòm li yo, devlopman, ak tretman. Pou elèv ki nan klas 7yèm rive nan klas 12yèm ane, yo anseye tou sijè vyolans ak abi adolesan nan renmen.

Elèv lekòl mwayen nou yo pral resevwa enstriksyon sa a nan klas syans yo pandan mwa me pou apeprè twa semèn. Elèv lekòl segondè yo pral resevwa inite kout sa a nan klas Ekkésis Pèsonèl yo, yon klas yo pran yon sèl fwa pandan yo nan lekòl segondè. Leson Sante ak Maladi Repwodiktif yo ap gen ladan enfòmasyon egzat epi yo pral anseye yo nan yon fason ki apropriye pou laj ak devlopman nivo klas elèv la. Antanke paran, w ap gen opòtinite pou wè lesон sa yo anvan yo anseye yo.

**Li enpòtan pou konnen, antanke paran, ou gen dwa pou w deside si ou ta renmen ptit ou a pa patisce nan inite etid sa a. W ap resevwa plis enfòmasyon nan lekòl ptit ou a ak distri a sou fason pou gen aksè ak lèt pou pa patisce.**

Si ou ta renmen aprann plis, vizite sit entènèt nou an nan <https://lifeskills.dadeschools.net>.

Sensèman,

Direktè Lekòl